Innovatsion yondoshuv moslashuvchan tarzda o‘z tuzilmalari uchun boshqaruv tizimini yaratish, o‘zaro ishonchni ta’minlash uchun haqiqiy rivojlanishni oldindan taxmin qilish imkonini beradi. Ta’lim tizimining tarkibiy qismlarida sifat o‘zgarishlari bo‘lishi, mazmunli faoliyat, umumiy va maxsus boshqaruv funktsiyalari, dastur, texnologiya va usullari, ishtirokchilarning kadrlar salohiyatini rivojlantirishi bilan bog‘liq jarayonlar klaster muhitini yaratish imkoniyatini beradi.

Xulosa qilib aytganda, Ta’lim tizimiga nisbatan innovatsion yondashuv haqiqiy rivojlanish jarayonining mantig‘iga mos kelsa, ta’lim sifati samaradorligi ortadi. Ayniqsa, ta’lim muassasalarining boshqaruv tuzilmasida mavjud muammolarga nisbatan munosib innovatsion yondashuvlar joriy qilinsa, mavjud vaziyatni oldindan baholay olish, hodisalarning rivojlanishini to‘g‘ri taxmin qilish, o‘z vaqtida choralar ko‘rish va tashkiliy boshqaruv tuzilmasiga tuzatishlar kiritish imkoniyatlari paydo bo‘ladi. Zero, innovatsion yondoshuv jarayonlari yuqorida ta’kidlab o‘tilganidek, moddiy, moliyaviy, texnologik, informatsion, uslubiy va kadrlar sohasidagi barcha resurslar jalb qilinganligi bilan ham eng kuchli mexanizm sanaladi.

**Adabiyotlar**

1. Ожегов С.И. Словарь русского языка. / С.И. Ожегов; под общ. ред. проф. Л.И.Скворцова. 24-е изд., испр. -М.: ОНИКС 21 век: Мир и образование, 2004.
2. Хуторской А.В. Педагогическая инноватика: методология, теория, практика. -М.: УНЦДО, 2005. – С.222.
3. Волов В.Т. Методология исследования педагогических инноваций. -Самара: Изд-во СНЦ РАН, 2004. -С.225.
4. Загвязинский В.И., Строкова Т.А. Педагогическая инноватика: проблемы стратегии и тактики: монография. -Тюмень: Издательство Тюменского государственного университета. 2011. –С.176.
5. Юсуфбекова Н.Р. Общие основы педагогической инноватики. - М.: 1991.
6. Карпова Г.Ф. Инновации, интеллект, образование. -М.: «Новая школа», 1998. –С. 196.
7. Кларин М.Н. Инновации в мировой педагогике. -Рига: «Эксперимент», 1995. –С.176.
8. Андреева С.М. Инновационная модель образовательной деятельности. Вестник БГТУ имени В.Г.Шухова. 2014, №5. –С. 238.
9. Чернилевский Д.В. Технология обучения в высшей школе: Учебное издание. / Под ред. Д.В.Чернилевского / Д.В. Чернилевский, О.К.Филатов. -М.: «Экспедитор», 1996. –С. 288.
10. Богоявленская Д.Б. Интеллектуальная активность как проблема творчества. -Ростов н/Д.: Изд-во Рост. Ун-та, 1996. –С.256.
11. Лапин Н. Целенаправленное воплощение знаний в инновациях. // Проблемы теории и практики управления. 2008. № 6. -С. 105-114.
12.Jumaniyozova M.T. O‘qituvchilarni innovatsion faoliyatga tayyorlashning pedagogik asoslari. – Toshkent: “Innovatsiya-Ziyo” 2023.

**REZYUME**. Ushbu maqolada pedagogik olimlarning pedagogik innovatsiyalar tushunchalari, o‘quv tarbiyaviy jarayonidagi qo‘llanilishi va uning sifatiga ta’siri, mezonlari haqidagi fikr-mulohazalari yoritilgan. Shuningdek, ta’limda ulardan samarali qo‘llash ahamiyati tahlil qilingan.

**РЕЗЮМЕ**. В данной статье анализируются мнения ученых-педагогов о понятиях педагогических инноваций, их использовании в образовательном процессе и их влиянии на качество. Также анализируется важность их эффективного использования в образовании.

**SUMMARY.** This article analyzes the opinions of academic teachers about the concepts of pedagogical innovations, their use in the educational process and their impact on quality. The importance of their effective use is also analyzed in education.

## TUTLÍǴÍWDÍ KORREKSIYALAWDA ARNAWLÍ USÍLLAR HÁM LOGOPEDIYALÍQ OYÍNLAR

**A.J.Tajimuratov –** *assistent oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** duduqlanish, korreksiya, logoped, maxsus usullar, logopedik o‘yinlar, mustaqil nutq.

**Ключевые слова:** заикание, коррекция, логопед, специальные методы, логопедические игры, самостоятельная речь.

**Key words:** stuttering, correction, speech therapist, special methods, speech therapy games, independent speech.

**Kirisiw.** Mámleketimizdiń bir qatar nızam hám qararlarında jámiyetimizdiń bólegi bolǵan arnawlı járdemge mútáj bolǵan balalardı social qollaw olarǵa tálim-tárbiya beriw, kásip-ónerge úyretiw, óz qábileti hám múmkinshiliklerin kórsete alıwǵa ruwhıy kámal taptırıwǵa tiykar salıwshı ilajlar sáwlelengen.

Prezidentimiz Sh.Mirziyoyev: "Mámleketimizde dáslep insan, keyin bolsa jámiyet hám mámleket mápi barlıq háreketlerimizdiń negizine qoyıldı"-degen edi [2]. Hár tárepleme rawajlanǵan bárkamal insan shaxsın qáliplestiriw dáwirimizdiń mashqalalarınan esaplanadı. Watanımızdıń keleshegi búgingi jetkinshektiń ilimiy potencialı, uqıpı, ǵárezsiz pikirlewine tikkeley baylanıslı. Sol sebepli de bilimli, keń kózqarasqa iye bárkámal hám ruwhıy jetik shaxslardı tárbiyalap jetilistiriw wazıypası, mámleketimiz siyasatınıń joqarı dárejesine kóterilgen.

Tutlıǵıw—bul sóylew apparatı bulshıq etleriniń tartısıwı nátiyjesinde sóylewdiń temp-ritm tárepten buzılıwı bolıp tabıladı.

Tutlıǵıw sóylew kemshiligi balanıń pikirin erkin bayanlap beriw imkaniyatın shekleydi. Tutlıǵıwshı bala ózindegi sóylew kemshiliginen uyalıp yáki tutlıǵıp qalaman degen qorqıw sebepli átiraptaǵılar menen awızeki baylanıs ornatıwdan ózin tartıwı, adamlarǵa kem aralasıw, ortada pikir bildiriwden ózin shetke alıw sıyaqlı belgiler gúzetiledi. Tutlıǵıwshı balalar tutlıǵıwın dúzetiw hám pikirin erkin bayanlap beriwin rawajlandırıw ushın tómendegi tiykarǵı wazıypalardı usınıs etemiz.

**Nátiyjeler.** Oqıw jılı basında balalardı medicinalıq, psixologiyalıq, pedagogikalıq hám logopediyalıq tekseriwden keyin shólkemlestirilgen ata-analar jıynalısı ótkeriledi, ol jaǵdayda balalardıń logopediyalıq hám psixologiyalıq-pedagogikalıq ózgeshelikleri beriledi, olarǵa kompleks terapevtikalıq, salamatlastırıw hám pedagogikalıq tásir ótkeriw zárúrligi tusintiriledi, oyın iskerligi metodologiyasınıń mazmunı hám basqıshpa-basqıshlıǵı hám mektepte hám úyde únsizlik hám sıbırlap sóylew rejimlerin ótkeriw ushın tayarlıq ilajları tusindiriledi.

Tutlıǵıwshı balalar menen jumıs alıp barıwda tómendegi izbe-izlikten paydalanıwdı usınıs etemiz:

- únsizlik rejimi (6 kún)
- sıbırlap sóylew (8 kún)
- sóylewge sheriklik qılıw (2 hápte)
- dialog (3 hápte)
- pikirin erkin bayanlaw (4 hápte)
- gúrriń materialında erkin sóylewdi tárbiyalaw (4 hápte)

1. **Únsizlik rejimi** 6 kún dawamında ámelge asırıladı. Logoped balalarǵa tınıshlıq zárúr ekenligin túsindiredi, balalar úlkenler talaplarına juwap beretuǵın shártli sóylewsiz signallardı tabadı, jeterli muǵdardaǵı hár qıylı sóylewsiz oyınlardı támiyinleydi hám únsizlik dáwirinde balalar menen seyil etiwdi oylastıradı. Logoped yamasa oqıtıwshı balalar menen súwretlerdi kórip shıǵadı, ertekler aytıp beredi, balalarǵa arnalǵan muzıkalıq dóretpelerin tıńlaydı, yaǵnıy, balalardı logopedtiń kórsetpelerin tıńlawǵa yamasa olarǵa ámel qılıwǵa uyretedi, lekin usınıń menen birge tınısh turadı. Oyınlar waqtında, seyillerde hám úyde únsizlik rejimine ámel qılıw qıyınlaw. Bunda siz hár bir bala ushın tapsırmanı oylap tabıwıńız kerek. Sonday etip, biri súwret sızıwı múmkin, ekinshisi qaǵazdan qayıq jasawı múmkin, úshinshisi mozaikadan naǵıs salıp qoyıwı múmkin, tórtinshisi quwırshaq menen shuǵıllanıwı múmkin hám taǵı basqa. Bul waqıtta dem alıw shınıǵıwları da isletilip barıladı. Mısalı, balalar qolların basınıń arqasına qoyadı, áste-aqırın dem aladı, 3 sekund hawanı uslap turadı, keyin aldınǵa iyilip dem shıǵaradı. Soń dáslepki halatqa qaytadı. Bul shınıǵıw 3-4 márte tákirarlanadı.

**2.Sıbırlap sóylewdi tárbiyalaw waqtında durıs sóylew**, dem alıw hám relaksaciya kónlikpelerin bekkemewde dawam etedi. Sıbırlap sóylew 10 kún dawamında ámelge asırıladı. Bul basqıshtı da oyın arqalı alıp barıwımız múmkin. Mısalı, "Sıyqırlı qaltasha" oyının alayıq. Bunda balaǵa ishinde mayda oyınshıqları bar qaltasha beriledi, bala kózin jumǵan halda qol menen sıypalaw arqalı qaysı oyınshıq ekenin tawıp, atın sıbırlap aytadı.

**3.Sóylewge sheriklik qılıw.** Sóylewge sheriklik qılıw menen balalar sóylewdiń prosodikalıq strukturalıq bólimlerin úyrenedi: temp, ritm, sesler uyǵınlıǵı, intonaciya, ekspressivlik, pauza, logikalıq pát; sonıń menen birge, buwınlardı, sózlerdi bir-biri menen birlestiriwdi úyrenedi, sonda sóz dizbegi bir sóz retinde, tegis, mánisli intonaciya menen aytıladı. Sóylew boyınsha kórsetilgen jumıslar logoped, oqıtıwshılar hám ata-analar tárepinen shólkemlestirilgen balalardıń oyın iskerligi dawamında ámelge asırıladı. Biz balalardıń jasın, bul jas ushın jetekshi oyın túrin hám sóylew formasın esapqa alǵan halda hár qıylı oyınlardıń úlgilerin alamız. Sóylewge sheriklik qılıw basqıshında biz 2-3 sózli sóz dizbeklerinen baslap izbe-izlikti saqlaǵan halda 4 qatarlı qosıq qatarlarına shekem alıwımız múmkin. Mısalı, dáslep logopedtiń ózi aytadı-qızıl alma, endi birgelikte aytamız-qızıl alma. Tap usınday taqilette qosıq qatarların aytıp hám háreketlerin ózimiz kórsetip beremiz, soń oqıwshı menen qosılıp aytamız hám háreketlenemiz.

Basqısh wazıypaları:

1. Sherikliktegi sóylewdi tárbiyalaw;
2. Sóylewdiń sóz dizbegi hám prosodikalıq strukturalıq bólimleri ústinde islew (dem alıw, dawıs, birlestiriw, temp hám sóylew ritmi);
3. Motorlı kónlikpelerdi rawajlandırıw (bulshıq etlerdi bosastırıw qábileti);
4. Oyınlar hám oyın qaǵıydaların úyreniwdi dawam ettiriw (basqalar menen qarım-qatnastı úyreniw, basqalardıń oyının baqlaw qábileti);
5. Erkli minez-qulqlardı tárbiyalaw;
6. Ses buzılıwların korrekciyalaw.

**4. Dialog.** Bul hápteler dawamında minez-qulıq iskerligi hám erkinlik tolıq tárbiyalanadı: gruppanıń barlıq balaları gezekpe-gezek sabaqta gezekshilik

etiwi, baslawshı bolıwı, bas roldı oynawı, oyın rejissyorı bolıwı múmkin (logoped járdemi menen). Soraw-juwap formasında qurılǵan oyınlardaǵı balalardıń baylanısı eki dialog qatnasıwshılarınıń minez-qulqların aktivlestiriwge járdem beredi. Keyin dialog úsh bala tárepinen oynaladı: qorqaq, háreketsiz bala roldi kirisimli, ashıqkóńil bala menen birge sóyleydi, olar birgelikte oyınnıń úshinshi qatnasıwshısınıń sorawlarına juwap beredi. Dialogtı tárbiyalaw basqıshı eki dáwirge bólinedi:

Bala sorawǵa tolıq sóz dizbegi menen juwap beredi, onıń juwabı soraw beretuǵındıń sózlerinen baslanadı. Tiykarınan, bul sáwlelendirilgen sóylewdiń quramalı forması. Sonday etip, sorawǵa : “anam ne toqıydı?”- bala juwap beredi: “anam .... toqıydı” hám ol tek bir sózdi ózi aytadı.; soraw sonday beriledi, oǵan juwap beriwde balaǵa kerek bolǵan barlıq sózler kiritilmeydi: “balalar ne qılıp atır?” – “balalar top oynap júr”. Tap sol dáwirde balalarǵa bir yamasa eki sóz menen juwap beriwge uyretiledi, yaǵnıy, sóylesiw usılına jaqın: “balalar qayerge baratır? - Mektepke.

**5.Pikirin erkin bayanlaw.** Bul basqısh eki bólimdi óz ishine aladı: qayta gúrriń qılıw materialında tayarlanǵan erkin bayanlawdı tárbiyalaw hám gúrriń materialında erkin bayanlawdı tárbiyalaw. Bul bólimlerdiń hár biri óz wazıypalarına iye. Qayta aytıp beriw materialında erkin bayanlawdı tárbiyalawdıń wazıypaları: tayarlanǵan tekstti sózbe-sóz tákirarlawdı úyretiw, keyininen dramatizaciya qılıw; hár qıylı oyınlar materialları boyınsha waqıyalar, háreketlerdi tákirarlaw; barlıq túrdegi oyınlarda aktivlik, ses buzılıwların korrekciyalaw, sóylewdiń leksikalıq hám grammatikalıq tároplerin rawajlandırıw boyınsha islerdi dawam ettiriw.

**6.Gúrriń materialında erkin sóylewdi tárbiyalaw.** Jumıs túrleri: súwretleytuǵın gúrrińdi úyretiw, yaddan gúrriń, dóretiwshilik gúrrińdi úyretiw.

1.Hár qanday obyekt, oyınshıq, turaq-jay ımaratları, ósimlikler, ásbaplar hám basqalardıń sırtqı kórinisin xarakteristikalaw. Eki obyektti yamasa oyınshıqlardı, mısalı, eki mashinanı, eki úydi hám basqalardı salıstırıw arqalı xarakteristikalaw usılı qollanıladı.

2. Yaddan gúrriń aytıwdı úyreniw tómendegilerden ibarat:

Balalardıń jámáátlik tájiriybesine tiykarlanǵan “biz áskerlerimizdi qalay qutlıqladıq”, mısalı: “Watan qorǵawshıları kúnine aldınan tayarlıq kórdik. Biz toparımızdı sharlar hám bayraqlar menen bezettik. Keyin biz ákeler hám atalar ushın qutlıqlaw xatların sızdıq. Men raketanı sızdım. Raketa ayǵa jetip keldi. Meniń súwretim áskerlerge unadı”.

Jeke tájiriybege tiykarlanǵan gúrriń, mısalı: “Men klassta gezekshi bolıwdı jaqsı kóremen. Men zatlardı tarqataman, olardı jıynayman hám ornına qoyaman. Men sport oyınların ótkeriwdi jaqsı kóremen. Men buyrıqlardı aytaman hám jigitler orınlaydı”.

Usı basqıshlar menen jumıs alıp barıw menen bir qatarda tutlıǵıwshı balalarda pikirin erkin bayanlap beriwin rawajlandırıwshı arnawlı usıllar hám logopediyalıq oyınlar oyınlar járdeminde sóylew kemshiligin dúzetemiz.

*1-usıl. “Seyilge alıp shıǵıw”*

Bunnan tiykarǵı maqset balanı ózimizge úyretiw, unamlı emocional baylanıs ornatıw. Sebebi birinshi náwbette unamlı emocional baylanıs ornatıp almasaq jaqsı nátiyjege erisiwimiz qıyın boladı. Seyilge bala menen birgelikte ata-anaları yáki balanıń ózine jaqın insanı menen barıwı kerek. Seyilge shıǵıw ushın bala barıp kórmegen biraq ol ushın qızıqlı bolatuǵın jerge alıp barıw maqsetke muwapıq boladı. Bunday orınlardı balanıń qızıǵıwshılıǵınan kelip shıǵıp saylasaq boladı. Mısalı bala haywanatlar álemine qızıǵatuǵın bolsa onı haywanatlar baǵına alıp barsaq boladı. Bul jerde ata-anası arqalı balaǵa hár qıylı sorawlar berip barıladı. Keyin tikkeley balanıń ózi menen baylanıs ornatıwǵa háreket etemiz.

Tutlıǵıwshı balalarda oyında uyalshaqlıq, nadurıs sóylewinden qorqıp, oyınǵa tez kirise almaslıǵın gúzetemiz. Olar oyında kóbinese tamashagóy boladı yamasa ekilemshi roldı tańlaydı. Logopediyalıq oyınlardı ótkeriwdiń wazıypaları tómendegilerden ibarat:

1. Balalardı durıs dem alıw hám dem shıǵarıwǵa úyretiw;
2. Dawıstı rawajlandırıw. Tómen hám bálent dawısta sóylewge úyretiw;
3. Esitiw dıqqatı hám sóylewdi esitiwdi rawajlandırıw;
4. Sesler aytılıwındaǵı kemshiliklerdi saplastırıw;
5. Balalarda logopediyalıq oyınlar arqalı tutlıǵıwdı korreksıyalaw;
6. Balalarda qoldıń mayda háreketleri, hám de ulıwma háreketlerdi rawajlandırıw.

Logopediyalıq oyınlardı shólkemlestiriw hám ótkeriwde logoped túrli sóylew kemshiligine iye bolǵan balalardıń qábiletlerin itibarǵa alıwı kerek. Logoped oyınlardı ótkeriw arqalı balada sóylewinen uyalmaw, baylanısqa kirisiwi, durıs hám tınıq sóylewdi rawajlandırıp baradı.

Tutlıǵıwshı balalarda tutlıǵıwdı oyın tiykarında saplastırıw nátiyjeli esaplanadı. Tutlıǵıwdı joq etiwde qollanılatuǵın oyın metodikası balalardaǵı sheberlikti, aktivlikti, ǵárezsiz baylanıs usılların qáliplestiriwge qaratılǵan. Túrli oyınlar sistemasında balalar oyın hám oyınnan tısqarı, biraq adamlardıń turmıslıq múnásibetlerin sáwlelendirgen jaǵdaylarda ózin tutıw qaǵıydaların ózlestiredi. Nátiyjede ózlestirilgen múnásibet formaları tutlıǵıwshı balalardıń ádep-ikramlıǵı hám sóylewin qayta qáliplestiriwge hám kemshilikti joq etiwge sharayat jaratadı [3].

Tutlıǵıwshı balalardı korrekciyalawǵa hám pikirin erkin bayanlap beriwge qaratılǵan oyın túrleri. Bularǵa:

- únsizlik saqlaw rejimine qaratılǵan oyınlar; (pikirin jiynap aliwga.... uyretiw)
- sıbırlap,sozıp sóylesiwge qaratılǵan oyınlar;
- háreketli oyınlar;
- didaktik oyınlar;
- dramatizaciyalastırılǵan oyınlar;
- qosıq aytıw menen alıp barılatuǵın oyınlar kiredi.

**Únsizlikti saqlawǵa qaratılǵan oyınlar**

Balalar menen sózlersiz (sóylemesten) didaktikalıq oyınlar ótiledi. Únsizlikti saqlaw rejimi tutlıǵıwshı balanı tuwrı sóylewge, ilimiy tájriybelerin qáliplestiriwge, qaratılǵan bolıp tabıladı. Sózlersiz didaktikalıq oyınlarǵa, mısalı «Únsizlikti saqlawdı bilesizbe?» oyını, balalar 5-7 minut mozaika menen oynawı, súwret sızıwı, kubik oynawın kirgiziw múmkin. Bunda tutlıǵıwshı balalar sóylemesten únsizlik saqlaydı

***«Dawıstı esitiw hám kórsetiw» oyını***

1. Balalar arqasına qarap turadı. Logoped balaǵa hár qıylı dawıslardı esittiredi hám bala logopedke qaramaǵan halda qaysı dawıs ekenligin tabıwı kerek. Mısalı, birinshi bala hám onıń artında logoped turadı. Logoped balaǵa esittirip áskeriy júris sıyaqlı júredi hám bala bul qaysı dawıs ekenligin tawıp, háreketler menen kórsetip beriwi kerek. Bul jerde logoped óziniń tájiriybesinen kelip shıǵıp oyındı dawam ettiredi.

2. Ekinshi oyınımızda logoped penen bala birbirin kóre almaytuǵınday etip qarama-qarsı tárepke qarap otıradı. Ekewiniń aldında birdey materiallar qoyıladı. Mısalı: qálem, mashina, shar, kitap, sádepler beriledi. Bunda logoped hár birinen izbe-iz paydalanadı, al bala qaysı material ekenligin tawıp, qaytalawı soraladı.

**Sıbırlap sóylewge arnalǵan oyınlar**

*“Jumbaqlı qaltasha” oyını*

Logoped: Bul qaltashanıń ishinde miyweler hám palız eginleri bar. Balalar siz dıqqat penen meni esitesiz. Eger men miywelerdi alsam sizler sıbırlap “awa” deysiz, eger men palız eginlerilerin alsam sizler sıbırlap “yaq” deysiz, dep túsindiredi.

Logoped: Alma terekte ósedime?

Balalar : “Awa”.

Logoped (sıbırlap):- Geshir jerde ósedime?

Balalar (sıbırlap) – “Awa”.

Logoped: Balalar sizler terekte hám jerde neler, ósiwin jaqsı biledi ekensiz, endi ne joqarıda, ne tómende ósiwin barmaqlarıńız benen kórsetiń. Men sizlerge sıbırlap miywe hám palız eginlerilerin aytaman, sizler bolsa sıbırlap, olardıń qay jerde ósiwin aytasız hám barmaqlarıńız háreketi menen kórsetesiz (tómende yamasa joqarıda).

Bul oyın balalarda mayda qol motorikası, hám de sóylewdi rawajlandırıwǵa qaratılǵan.

**Háreketli oyınlar**

Tutlıǵıwshı balalar menen áste atqarılatuǵın háreketli oyınlar ótkeriledi. Sebebi balalarda dem alıw hám sóylew tempi buzılmawı kerek. Sol sebepli ápiwayı háreket penen atqarılatuǵın háreketli oyınlar atqarıladı, yaǵnıy top, obruch, lenta, bayraqlar menen oynalatuǵın oyınlar. Bunday oyınlardıń tiykarǵı maqseti balalardıń ulıwma háreketi hám sóylewin bekkemlewge qaratılǵan.

*“Ushtı, qashtı, sekirdi” oyını*

Oyınnıń maqseti: Balalarda sózlerdi tuwrı aytıwǵa, sózlerde seslerdi bekkemlewge, bir orında turıp turli qol hám ayaq háreketlerin orınlawǵa úyretiw.

Oyın barısı: Balalar sheńber formasında turadı. Sheńber ortasında baslawsh oyındı basqarıp turadı. Basqarıwshı oyınshılarǵa qarata “shımshıq” dese, qatnasıwshılar «ushtı-ushtı» dep qolın eki tárepke qarata silkitedi. Baslawshı “qoyan” dese, balalar “sekirdi-sekirdi” dep, qoyannıń háreketine eliklep sekiredi. Oyın nátiyjede qus hám haywanlar háreketine eliklep oynaladı. Háreketlerdi hám sózlerdi nadurıs orınlaǵan hám aytqan bala oyınnan shıǵadı. Logoped balalar qus hám haywanlardıń dawıslarına durıs eliklewin, háreketlerdi anıq hám sulıw orınlawın baqlap barıwı kerek.

**Didaktik oyınlar**

Bunda kóriw, dem alıw, dawıs, esitiw, sesler aytılıwın rawajlandırıwǵa qaratılǵan didaktik oyınlar ótiledi. 6 -7 jaslı tutlıǵıwshı balalar ushın didaktik oyınlardan “dawısınan tanı”, “qalalarǵa sayaxat”, “xat” oyınların mısal qılıw múmkin. Stol ústinde oynalatuǵın oyınlar mısalı: “loto, domino, mozayka, shashka, piramida” oyınları bolsa tutlıǵıwshı balalardıń kóriw hám esitip qabıl etiwin, dıqqatın, mayda motorikasın, este saqlaw qábiletin rawajlandırıwda xızmet etedi.

***Dramalastırılǵan oyınlar (sahnalastırılǵan).***

Dramalastırılǵan oyınlar tutlıǵıwshı balalarda oylaw, shaxsınıń qáliplesiwi, balanıń oyın dawamında aktivligin hám sóylewin rawajlandırıwǵa qaratıladı.

2-*usıl. Bala jámiyet aldında sóylewge tayarlaw, pikirin erkin bayanlap beriwge úyretiw*. Balanıń toparlarda, adamlar arasında pikirin erkin bayanlanıwın rawajlandırıw ushın dáslep balaǵa tutlıǵıwın dúzetiw ushın logopediyalıq hám medicinalıq járdem, soń pikirin erkin bayanlap beriwge úyretiwshi shınıǵıwlar alıp barıladı. Bunda sózlik penen islew tiykarǵı orındı iyeleydi: sózlikti keńeytirip barıw, sózlerdi mazmunın anıqlastırıw, passiv sózlik baylıǵın aktivlestiriw. Logopedtiń óziniń sóylewine arnawlı talaplar qoyıladı: sorawlar anıq bolıwı, sóylew hár túrlı variantta qısqa, anıq sózlerden quralǵan bolıwı, ertekti sóylew kórgezbeli bolıwı, áste tempte bolıwı talap etiledi. Ásteaqırın balalarda sózlik baylıǵı asıp baradı, dáslep kórgizbeli qurallar, súwretler járdeminde sóyleytuǵın bolsa keyin súwretlersiz de óz pikirin erkin jetkerip beriwge úyrenedi. Bul tek ǵana logopedtiń yáki ataananıń aldında ǵana bolıwı múmkin. Al topar aldında ózin erkin uslawǵa úyretiw ushın áste-aqırın adamlardıń sanın arttırıp baramız. Dáslep logopedtiń ózi

bolatuǵın bolsa, ata-anasın, keyin psixolog, soń dosları.

Juwmaqlap aytatuǵın bolsaq, balalardıń qarım-qatnasın rawajlandırıwdan aldın korrekcion jumıslardı durıs alıp barıw, yaǵnıy balalarda sózlik baylıǵı, sóylewdiń grammatikalıq sistemasın durıs qáliplestiriw, tutlıǵıwshı balalarda tutlıǵıp sóylew esabına sóylew rawajlanıwınıń arqada qalıwı gúzetildi. Sóylewdiń grammatikalıq komponentlerin rawajlandırmay turıp olardaǵı pikirin erkin bayanlawdıń rawajlanıwı qıyın keshiwin berilgen tapsırmalarda anıqladıq. Pikirin erkin bayanlawdı rawajlandırıwda shańaraq sharayatında ata-ananıń perzentine durıs qarım-qatnası balanı hár tárepleme tárbiyalawdaǵı ata-ananıń bilimi, dúnyaǵa kóz qarası úlken áhmiyetke iye esaplanadı.

**Ádebiyatlar**


1. Oʻzbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. – Toshkent: 2023.
2. Мирзиёев Ш.М. Янги Ўзбекистон Стратегияси. –Т.: «Oʻzbekiston». 2021.
3. Ayupova M.Y.“Logopediya” Oʻzbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti. –Toshkent: 2007.
4. Ayupova M.Yu “Korrekcion ishlar metodikasi” Ma’ruza matni . –T.: 2001.
5. Ayupova M.Yu., Aripova Sh. Bolalar nutqini rivojlantirish. // «Maktabgacha ta’lim». –T.: 2012, № 10.
6. Ayupova M.Yu., Axmedova Z.M., Nurkeldiyeva D.A. “Barmoqlar mashqi va logopedik oʻyinlar”. – Toshkent: “Yangi asr avlodi” 2007.
7. Ayupova M.Yu, Axmedova Z.M., Nurkeldiyeva D.A. “Logopedik oʻyin”. -T.: “Faylasuflar”. 2013.
8. Moʻminova L., Maxkamova U. “Duduqlanish: bartaraf etish texnologiyasi” . -T.: 2020.
9. Moʻminova L.R. “Tutilib gapiruvchi oʻsmirlar uchun qoʻllanma” -Toshkent: «Oʻqituvchi», 1984.



**REZYUME.** Maqolada duduqlanish nutq kamchiligini korreksiyalashda qoʻllaniladigan maxsus usullar berilgan. Bolalar bilan mashgʻulotlarni tashkil qilishda asosan oʻyinlardan foydalanish samarali natija beradi. Shuni hisobga olib duduqlanishni korreksiyalashda logopedik oʻyinlarni misollar bilan keltirilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представлены специальные методы, используемые при коррекции заикающегося дефекта речи. Использование игр в организации занятий с детьми дает эффективные результаты. С учетом этого в качестве примеров приводятся логопедические игры для коррекции заикания.

**SUMMARY.** The article presents special methods used in the correction of stuttering speech deficiency. The use of games in organizing activities with children gives effective results. With this in mind, logopedic games for stuttering correction are given as examples.


## TEACHING HISTORY STUDENTS BASED ON ACTIVITIES AND COMPETENCES IN CLIL (CONTENT AND LANGUAGE INTEGRATED LEARNING)


**O.Torebaeva** – *PhD student*

**B.Arzieva** – *philosophy doctor of pedagogical science, docent*

*Nukus state pedagogical institute named after Ajiniyaz*



**Tayanch soʻzlar:** CLIL (Content va til integratsiyasi), faoliyat, hamkorlik usullari, hamkorlikdagi yondashuvlar, topshiriqlar, raqobat, chigallashgan jumlalar, tarixiy voqealar.

**Ключевые слова:** CLIL (Интегрированное обучение по содержанию и языку), мероприятия, методы сотрудничества, совместные подходы, задания, соревнование, зашифрованные предложения, исторические события.

**Key words:** CLIL (Content and Language Integrated Learning), activities, cooperative methods, collaborative approaches, assignments, competition, scrambled sentences, historical events.


**Introduction.** The implementation of cooperative teaching strategies has been demonstrated to have a positive impact on the learning process and outcomes of students. The implementation of these strategies facilitates the establishment of an optimal learning environment, which presents distinct advantages for learners. From a pedagogical perspective, students have the opportunity to enhance their comprehension of a diverse range of subjects, including the acquisition of a foreign language. Foreign language learners do not get adequate exposure to literary texts, especially non literature courses learners, which makes them unaware of other cultures’ norms [1:73]. The CLIL history competences and associated activities are conducted through the utilization of cooperative methods, which serve to influence the learners' subject and language knowledge, thus facilitating the acquisition of knowledge and skills. This is accomplished by affecting the learners’ subject matter and linguistic knowledge. CLIL history would benefit from activities that emphasize the communication of historical knowledge, improve reading and listening comprehension, and require students to produce a written product [8:2].

Teachers need to think about the kind of tasks learners will do during the lesson and as follow-up. It is important to plan a range of tasks which require different challenges, such as less demanding tasks which involve matching sentence halves, making events on timelines and marking trade routes on old